ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№146 (23.804) ● 2018 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЦІыхухэм щаІущІэну щІыпІэхэр нэхъыбэ ящІынущ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо партыр илъэс 17 зэрырикъум теухуауэ цІыхухэм яІущІэнымкІэ ирагъэкІуэкІыну тхьэмахуэ лэжьыгъэм хэтынущ партым и ЖылагъуэекІуэлІапІэ нэхъыщхьэр, УФ-м и щІыналъэу 85-м, муниципалитету 2615-м щыІэ екІуэлІапІэхэр. Абыхэм къадэкІуэу цІыхухэм щахуэзэну нэгъуэщІ екІуэлІапІэу къэрал псом мин 30-м щІигъу къыщыІэзэрагъэпэщынущ.

ЦІЫХУХЭМ яІущІэнущ Къэрал Думэм и депутатхэр, Федерацэмкіэ Советым хэтхэр, щІыналъэхэм, муниципалитетхэм я къулыкъущІэ нэхъыщхьэхэр, щІыналъэхэмрэ муниципалитетхэмрэ щыхаха депутатхэр, министерствохэм, ведомствохэм, социальнэ Іэухущ1апІэхэм ящыщхэр, юристхэр, «Урысей зэкъуэт» партым и эксперт нэхъыфІхэр.

Дызыхуэкіуэ тхьэмахуэ зэхуакум цІыхухэм щахуэзэ Іуэхущ1апІэхэр график хэхам тету лэжьынущ. Ахэр Іухауэ щытынущ дыгъэгъазэм и 1 тхьэмахуэ махуэми.

«Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Д. А. и жылагъуэ екІуэлІапІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и унафэщІым и дэІэпыкъуэгъу Абазэ Хьэсэнбий зэрыжиІамкІэ, Налшык къалэм Лениным и цІэр зезыхьэ и уэрамым тет унэ №48-м хиубыдэ жылагъуэ екІуэлІапІэм 2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 2-м нэсыху цІыхухэм щаІущІэнущ республикэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я депутатхэм, республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, муниципалитетхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

2018 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м цІыхухэр щрагъэблэгъэнущ КъБР-м и къалэхэмрэ районхэмрэ щыІэ жылагъуэ екІуэлІапІэхэм, апхуэдэу а зэманым хэхауэ Бахъсэн районым щыщ Бахъсэнэнкэ къуажэм, Прохладнэ районым щыщ Пролетарскэ къуажэм, Шэрэдж районым щыщ Жэмтхьэлэ къуажэм, Май районым щыщ Новоивановскэ къуажэм, Дзэлыкъуэ районым щыщ Хьэбзэ къуажэм, Шэрэдж районым щыщ Лашынкъей къуажэм къыщыІэзэрагъэпэщыну жылагъуэ екІуэлІапІэхэм.

Абыхэм лэжьэн щІадзэнущ махуэ къэс сыхьэти 10-м.

Мыгурыіуэгъуэ щыІэмэ, 77-00-40 телефонымкІэ фыщІэупщІэ хъунущ.

ПЕЧОНОВ Владилен.

Москв щыІэзэхуэзащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущ1эмкІэ и министр Чеботарёв Сергейрэ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ

Москва лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІэзэхуэзащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущ1эмкІэ и министр Чеботарёв С. В, КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. сымэ.

Ахэр тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм, инвестицэ лэжьыгъэр щІыналъэм щыщІагъэхуэбжьэным, апхуэдэу туризмэм и Іуэхущ1апІэхэр щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум зэрыхуэхьэзырым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Дыгъуасэ

Жылагъуэр зыгъэгузавэхэр

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ республикэм щыпсэухэм дыгъуасэ щаІущІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и Іуэхущ1апІэм. Ар едэІуащ къыхуэкІуа цІыхуиблым я гуныкъуэгъуэхэм.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ районым хыхьэ Гундэлэн къуажэм къикІа Атмурзаев Сапар депутатым зыхуигъэзащ ятІэпсым икъуа и унэр зэрызэригъэпэщыжын ахъшэ крататыжынымкІэ дэІэпыкъуэгъу къыхуэхъуну. Абы зэрыжиІамкІэ, и Іуэхур 2004 гъэ лъандэрэ зэхэкІыркъым, судри мызэ-мытІэу хэпІа пэтми. Марьяш Иринэ дэфтэрхэм зыщигъэгъуэза нэужь, жиІащ Іуащьэмахуэ районым и суд Іуэхущ1апІэм 2004 гъэм накъыгъэм и 18-м ищІа унафэм ипкъ иткІэ Атмурзаевым сом мин 25-рэ кратын хуейуэ зэрыщІтар. ЦІыхухэм жиІащ ар къызэрыІэрыхьар, ауэ илъэс къэс къащІэуэ ятІэпсым хэщІыныгъэшхуэ къаззэрыритыр, уеблэмэ унэм ущыпсэуж мыхъуну комиссэм къызэрилытар. Ар депутатым елъэІуащ унэ къращэхуну сертификат зратхэм хагъэхуэнымкІэ щІэгъэкъуэн къыхуэхъуну. Депутатым жиІащ щІыуэпс къэхъукъащІэм и зэранкІэ зи унэ зыифІэкІуэдахэм мы зэманым хуащІэфым хэплъэу, Іуэхум хэкІыпІэ къыхуагъуэтыфынум егупсысын зэрыхуейр.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ самоуправлением и Советым и депутат Тхьэгъэпсо Татьянэ щІыху гупым къабгъэдэкІыу Марьяш Иринэ зыхуигъэззну къекІуэлІат. Абыхэм я лъэІур зытеухуар Калининым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет «Дружба» кинотеатрым и унэжьыр ирахьу, сабийхэм зыщрагъэужь Іуэхущ1апІэ къыззэуакьынырт. ЦІыхубзым зэрыжиІамкІэ, абдеж курыт еджапІэ №11-мрэ сабий гъэсапІэ №59-рэ щытщ, къапщтэмэ, «Александровка» хъэблэм щеджэ ныбжьыщІэ мини 2-м нэблагъэм щІэныгъэ гъэдзэн щызрагъэгъуэтын нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэ гъунэгъуу щыІэкъым. Депутатым жиІащ къаІэта Іуэхур зэрымытыншыр, КъБР-м щІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэмрэ хэту абы егупсысын зэрыхуейр. Марьяш Иринэ зыщигъэгъуэзащ егъэджакІуэхэмрэ еджапІэр зэщІэзыкъуэхэмрэ я улахуэр зыхуэдэм, я лэжьэкІэм, нэгъуэщІхэми.

Налшыкдэс Швырковэ Эллэ депутатым зыщщыхуигъаззм жиІащ Нартан уэрамым, Калининым и цІэр зезыхьэр щызэпиупщІым хуэзэу, гъуэгу зэпрыкІыпІэ хуэщІын хуейуэ къызэрилытэр, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ абдеж къыщызэІуаха тыкуэнышхуэм екІуэлІар куэд мэхъу икІи абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщакъым. «Зи гугъу сщы гъэзэгу Іыхьэм деж машинэхэм хуэм защІын щхьэкІэ зыгъэр ягъэтІылъащ, ауэ ар цІыхухэм зэпрыкІыпІэ къащІохьри, гъэзгум тохьэ. Мы Іуэхум дытогузэвыкъ курыт еджапІэ №№30, 11-хэр зэрыгъэнэгъум, абдеж сабийхэр зэрыщІыкуэдым къыхэкІыу», - жиІащ цІыхубзым. Депутатым ар къигъэгугъащ ГИБДД-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр и дэІэпыкъуэгъуу а Іуэхум хуэзэдІэкІ хилъхьэну. Марьяш Иринэ дыщІигъуащ «зебра»-м къищынэмыщІа, а щІыпІэм светофори щыгъэувыныр зэрырифІэтэмэмыр.

Налшык къалэм и Пионер уэрамым къыщыщІэдзауэ Интернациональнэм нэс къызэщІыбыдзу Мэлбахъэуэм иригІуэ лъэс лъагъуэр зэгъэпэщыжыным теухуат Лыджыдэ Борис и лъэІур. Накуэ Мадинэт жиІащ курыт еджапІэ № 11-м и гупэм машинэ гъэувыпІэ зэримыІэм адзанэхэр зэригъэгъэвэр, апхуэдэуи Бесланэхэр уэрамым и лъэс лъагъуэр зэгъэпэщыжын зэрыхуейр.

ЗэІущІэ нэужьым Марьяш Иринэ журналистхэм щепсальэм къыхигъэщащ, цІыхухэр я щхьэ Іуэху мыхъуу, нэхъыбэу жылагъуэр зыпэщІэт гугъуехьхэм иригузавэу зыкъыззэрыхуагъаззм мыхьэнэшхуэ иІэу къызэрилъытэр.

- Си гуапэщ цІыхухэр гуп-гупу зы Іуэхум зэрелэжьыр, я дзыхь къыдагъэзу, я гуныкъуэгъуэ къыдахьэпІэу къыззэрыкІуэр. Дэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ тхуэзэфІэкІымкІэ дэтхэнэми зыщІэдгъэкъуэну, - жиІащ депутатым.

Марьяш Иринэ дыщІигъащ республикэм и районхэм я Іуэху зытетым зыщигъэгъуэзэну, цІыхухэм яІущІэну щІэхщІэхыурэ зэрыкІуэр. Абы зэрыжиІамкІэ, депутатым ми зэманым гулъытэ хэха хуеІщ1 цІыхухэр транспорт зэрагъуэтым, къуажэ нэхъ пхыдзахэм аптекэ, пощт зэрыщылажьэм, курыт еджапІэхэм дзэ дохутыр яІэным, нэгъуэщІхэми.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, абы Къумыкъу Іэуес Мухьэмэд и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрыр хэгъэхьауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м
№183-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щІыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щІыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№945-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щІыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщІащ 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щІыным и Іуэхукіэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №49-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 11-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 6-мрэ Іыхьэ 4-мрэ къару ямыІэжу къэлъытэн.

2. 30-1-нэ статьяр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын:

«30-1 статья. Республикэ мылъкур электрон Іэмалкіэ щэныр зэрырагъэкІуэкІыр

Республикэ мылъкур электрон Іэмалкіэ щэныр электрон утыкум и операторым электрон утыкум къыщыщІэзрегъэпэщ «Къэрал, муниципальнэ мылъкур приватизацэ щІыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым къызэригъэувым тету.

3. 26-нэ статьям и Іыхьэ 9-м къару имыІэжу къэлъытэн.

4. 33-нэ статьям и Іыхьэ 2-м къару имыІэжу къэлъытэн.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м
№38-РЗ

Псэущхьэхэмрэ джэдкъазымрэ къайуалІэ узыфэ зэрыцІалэ нэхъ шынагъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кърамыхьэнымкІэ, абыхэм замыубгъуэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр зи нэІэ щІэт Республикэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м №214-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

Псэущхьэхэмрэ джэдкъазымрэ къайуалІэ узыфэ зэрыцІалэ нэхъ шынагъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кърамыхьэнымкІэ, абыхэм замыубгъуэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр зи нэІэ щІэт Республикэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къыдигъэкІа унафэ №200-ПП-м и ипкъ иткІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Республикэ комиссэм мы къыкІэлъыкІуэхэр хэгъэхьэн:

Къаскъул Хь. Къ. - «Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ, ерыскъыпхъэхэмрэ щы Іуэхухэмкіэ и управленэ» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр *(эгъуэгурыІуэу)*;

КІуэкІуэ Р. Ц. - Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмрэ щы Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІыр *(эгъуэгурыІуэу)*;

Мартынов А. И. - ЩхъэкІуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ цІыхухэм я зэІуэзэпэщ псэукІэмрэ къызэрызэрагъэпэщым кІэлъыплъ Федеральнэ Іуэхущ1апІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэ Управленэм и унафэщым и къуэдзэр *(эгъуэгурыІуэу)*

Назрэн Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэр

Сасыкъ М. Р. - Тезырхэр ирегъэхьэкІымкІэ Федеральнэ Іуэхущ1апІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм и ветеринар ІэнатІэм и унафэщІыр *(эгъуэгурыІуэу)*

б) «Наурзокъуэ О. Л. - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІым и мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къыхьын:

«Наурыз О. Л. - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІыр» *(эгъуэгурыІуэу)*;

в) Республикэ комиссэм къыхэгъэкІыжын Асанов А. О., ГъукІэжь А. А., Къэнэмэт Р. Ю., Кудрявцевэ Ю. В. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий



♦Палестинэ лъэпкъыр дэІыгъыным и дунейпсо махуэщ. 1947 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм резолюцэ къищтащ Палестинэр Инджылызым и унафэм къыщІэгъэкІыным теухуауэ. Апхуэдэуи абы щыгъэхуат Палестинэм къэралыгъуитІ - журтхэм ейрэ хьэрыпхэм ейрэ - къыщыззэгъэпэщыныр.

♦Албаниер нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къыщыІэщІагъэкІыжа (1944 гъэм) махуэщ

♦1899 гъэм Испанием «Барселона» футбол клубыр къыщыззэрагъэпэщащ. Иджыпсту дунейм и топджэгу гуп нэхъ лъэщхэм ящыщщ ар.

♦1917 гъэм Цагъуэ Нурийрэ Дым Іэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр къыдагъэкІащ.

♦1920 гъэм Армян ССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1924 гъэм къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыкъуэрееихь дунейр хъумэнымкІэ Урысейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1932 гъэм Франджымрэ СССР-мрэ Іэ традзащ зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1941 гъэм Петрищевэ къуажэм (Москва областьэ) нэмыцэ фашистхэм партизанкІэ Космодемьянская Зое (Таня) щхьэпылъэ щащІащ. Партизан гупым и хэщІапІэр кърагъэІуэтэну хуэдизкІэ цІыкІум сыт хуэдиз бэлыхь фашистхэм трамыгъэлъами ар къахуэдзыхакъым. Къигъэлъэгуа хахуагъэм папщІэ Совет Союзым и ЛІыхъжь цІэр Космодемьянскэм зэрыпсэужу фІэщыным теухуа унафэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм мазаем и 16-м къищтауэ щытащ.

♦1945 гъэм Югославие Федеративнэ Цыхубэ Республикэ къызэрыунэхуам теухуа унафэ хъащтащ. Абы и унафэщІу ягъуэват **Иосиф Броз Титэ**.

♦Политик, Франджым и президенту (1995 - 2007 гъэхэм) щыта **Ширак Жак** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Гребешковэ Нинэ** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор **Хьэмхъуокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфащэ, Лъепкъэхэм я къэрал театрым и художественнэ унафэщІ **Миронов Евгений** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Совет фигуристкэ цІэрыІуэ, дунейпсо, европэпсо зэпеуэхэм мызэ-мытІэу щыткІуа **Петровэ Марие** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткІэ, Налшык уфащэ, къеших-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нэм псэр зыщІешэ, гум гур къреджэ.



«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуейщ

Пщ1э зыкъуэщ1ди щ1эджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КъБР-м Пощт зэпльщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыдІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдзэкІыр. ДызэригугъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщІэгъуэн куэд къивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэгурыкІуэ, дзэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуха тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Іуэхущ1апІэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэпІейкІэ 78-рэ хъуэ аращ.

Ди индексыр 51531

КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр зэрыраГъэфIэкIуэну Iэмалхэм.

ЗЭIУЩIЭР къыззрагъэпэщащ КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ, ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ, ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ комитетхэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **АфащIагъуэ Михаил**, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд Iуэхущапсихэмрэ щыIэ **Дыщэкl Мадинэ**, депутатхэр, КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Сумаев Ахьмэт**, республикэм и зыгъэпсэхупIэхэм я унафэщIхэр.

- Бгым лыжэкIэ къыщажьых зэманыр къэблэрагъащи, туризмэм епха Iуэхутхьабзэхэр нэхъыфI зэрыщIыным дытепсэлъыхьыпхьащ. Сыт хуэдэ гугъуехьэр щыIэ? Абыхэм сыт я хэкIыпIэ? Мы зэманым цIыхухэм нэхъыбэрэ зыщагъэпсэхур Шэджэм, Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ районхэращ. Республикэм къакIуэ зыгъэпсэхуакIуэхэр къыдэкIыжхын хуейщ къытрагъэзэжын щхьэкIи, ди зэфIэкI деблэж хъунукъым, - жIащ КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен**.

Сумаев Ахьмэт тепсэлъыхьащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, республикэм хабзэ, унафэ зыбжанэ къыщащтащ туризмэм зегъэужьыным ехапуэ. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ зыгъэпсэхупIэу 215-рэ. 2018 гъэм и мазэ 9-м кIуриубы-дэу, республикэм цIыху мин 420-м зыщагъэпсэхуащ, ар нэгъабэ елъытауэ процент 8,5-кIэ нэхъыбэщ.

- ЗыгъэпсэхуакIуэхэр къызэрыпхудахьэхынр цIыхухэм хуэзфIах Iуэхутхьэбзэхэрщ. Абыхэм гулъытэ хэха яхуэтщI пэтми, иджыри гугъуехьэхэр ди куэдщ. Абыхэм ящыщщ зыщагъэпсэху щIыпIэхэм хабзэм кьемызэгъэшу сату зэрыщащIыр, пхъэнкIий идзыпIэхэр тэмэму зэрыщымыIэр. Апхуэдэуи пыпIхьэ къытхуащI шхапIэхэм щащэ ерысыкъым и фIагъымрэ япщэфIыр зэмылIэужьыгъуэу зэрыщымытымрэ. Iуэхутхьабзэхэмрэ абыхэм я уасэмрэ зэщхьэщокI, - жIащ Сумаевым.

Абы къыхигъэщащ Хъущтэ-Сыртрэ Булунгу къуажэмрэ хуэзэ (Шэджэм - Булунгу автомобиль гъуэгурщ) гъуэгу зэхэкъутам елэжьын зэрыхуеиР, зыгъэпсэхуакIуэхэр шынагъэншэу а щIыпIэм щызекIуэн папщIэ. КъищынэмыщIауэ, къэпсэльам къызэрыхигъэщамкIэ, гугъуехьэхэр кьешэ машинэ сэбэныр къыкIэрыкIуэ.

Сыт хуэдэ гугъуехьэхэр зэраримыкъуми. Абы къыхэкIыу 2018 - 2019 гъэхэм Эльбрус къуажэм къыщызэIуахыну я мурадщ хуымакIуэ зиIэну автомобиль гъэувыпIэшхэр. Апхуэдэуи зыгъэпсэхуакIуэхэр бгы кьежэхьапIэхэм зыщэну автобус трагъэувэнущ.

Шэджэм районым и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Цей Амир** къыщыпсалъэм жIащ щыщIалъэм туризмэм зэрыщызрагъэужьыным теухуауэ зэлэжьыныхэр зэрагъэбелджылыр. Абы хеубыдэ гъуэгухэр зэIуэпэщ ящIыныр.

- Щапхъэ къэсхьынщи, «Башиль», «Шэджэм» турбазэхэм зыплъыхьакIуэхэр нэхъ щIыпIэ дахэхэм пхыэзыщу езыишэлIэну гъуэгухэр мы зэманым къытхуэгъэзэжынымкIэ и проектым мы зэманым зэрелэжьыр, апхуэдэуи инвесторхэр хэту Iуэху зыбжанэ зэрагъэзащIэр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, зыгъэпсэхуакIуэхэм я нэхъыбэр здэщыIэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэращ. Абы и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Атакуев Руслан** зэрыжиIамкIэ, районым хьэщIэщрэ унэ Iуэхущапсихэ 62-рэ щолажьэ. ЗыгъэпсэхуакIуэхэр егъэтхьэусыхэ Азаурэ Чегетрэ машинэ гъэувыпIэ, пхъэ лъагъуэ зэрыщымыIэм, терминалхэр зэрыщымылажьэм.

«Большая передвидица» ООО-м и лIыкIуэ, экскурсовод **Фроловэ Дарье** жIащ туризмэм епха Iуэхуэр ирагъэкIыуэн папщIэ зэхьихэ, конференц хэхаэр зэрырагъэкIуэкIыпхъэр, абыхэм гънэгъу щIыналъэхэми я Iэщ1агъэлIхэр кьрагъэблэгъэн, зэчэнджэщын хуейуэ кьыззрилытэр.

ЦIыхуэхэр зэIуэпэщу псэунымрэ щэхуакIуэхэм я хуитынигъэхэр хъумэнымрэ кIэлъыплъ федеральнэ Iэнатlэм и Iуэхущапсихэм и унафэщым и къуэдзэ **Мартынов Алексей** жиIащ 2018 гъэм кьабзагъэм и мардэхэм ебэкъуауэ, щэхуакIуэхэм я хуитынигъэхэр кьызэпаудауэ тхыгъэитху кьаззрыIэрыхьар, административнэ хабзэхэм ебэкъуахэм ехьэлIауэ Iуэху кьызэрагъэтар.

ЗэIущIэм хэтахэм зэдзэарэзыуэ жаIащ зи гугъу ящIа лъэпощхьэпохэр икIэщIыпIэкIэ ягъэзэкIуэжьын зэрыхуейр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризмэм зиужьыныр абы зэрепхар.

- ЦIыхуэхэм яхуэтщIэфыну Iуэхутхьабзэхэр едгъэфIэкIуэныр ди кьалэн пажэщ. Абы дызэрыпэлъэщым елъытауэ щытынущ туризмэм республикэм кьыхуихыну хэхъуэр, - кьыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур*.***

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапсихэ.

Адыгэ Iэщэм и пщIэр зыIэта Аствацатурян Эммэ

**Пасэрей Iэщэр къызыфIэIуэху цIыхухэм зэхамыхыпIэ иIэкъым Аствацатурян Эммэ и цIэр. Мэзкуу дэт Къэрал тхыдэ музейм епхауэ зи гъащIэр зыхьа бзыльхугъэр Кавказ Ищхьэрэм и мызэмытIэу кьэкIуауэ щытащ, хьыбар щхьэпэ куэди ди щIыналъэм теухуауэ къызэринэкIащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, бзыльхугъэ щыпкъэр илъэс бгъущIым ину иджыблагъэ дунейм ехыжащ. Дигу къэдгъэкIыжыну ди гуапэщ щIэныгъэрылажьэ гумызагъэм илъэс зыбжанэ ипэкIэ Хайдаков Камил ирита интервьюм адыгэхэм ятеухуауэ щыжиIаэр. Бзыльхугъэ Iущым зыкъеуемысыж и тхылъ цIэрыIуэ «Кавказ лъэпкъхэм я Iэщэхэр» зыфIищам и япэ къыдэкIыригъуэр щигъэхьэзырым, адыгэ Iэщэм теухуауэ щыгъуэ гугъэхэр имыщIэныгъэкIэ зэрыIэщIэкIамкIэ. Ар топсэлъэныхь тхылъым «Шэрджэсей» Iыхьэр щихъужу щIэрыщIэу къыззрыдигъэкIыжыным.*

АДЫГЭ мухьэжькрэм я Iэщэр ирашати, сэшхуэ куэд хъума хъуащ. Абыхэм я гугъу щащIу тхыгъэ куэд урохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, 1718 гъэм Имеретием кIуа урыс пIыкIуэхэр курэжы пащтыкым и щыфэлIыфэм топсэлъыхь. Езы пащтыкым къулыкъу зэмылIэужьыгъуэ зезыхьэ и къуэдзэхэмрэ члисэм щIохьэ нэмыщ, кьызылбаш джатэхэр якIэрыщIауэ. Зыттхьжым жеIэ: «И джатэр, сэ нэхьей, кIэрыщIауэ и куэпкъым телъ». Абы зи гугъу ищIыр «шашкэ» жьыхэтIэращ. АдыгэбзэкIи ардыдэращ псалъэм къикIыр: «сэшхуэ».

«Нэмыцэ, кьызылбаш джатэхэр» щIыжиIэр сыт? А зэманым урысхэм Европэ лъэныкъуэмкIэ кьикIа псоми «нэмыцэ» хужаIэрт, зауэлI щыфэлIыфэр абыкIэт кьыдэкIыжт. Абы нэмыщI, Архангельск щыпсэу инджвылы щIалэ гуэрым ypыс псалъалъэ щызэхилъхьэм, урыс Iэщэр кьыщирибжжкIкIэ, «шаш» псалъэр хегъэувэ. А «шашри» кьыпхуэгупсысынукъым, пэжкъэ? А щапхъитIыр сэшхуэм теухуа хьыбар нэхъ пасэу щыIэщ.

ШIэч хэмылъхъэу, Iэщэри псалъэри зейр адыгэхэращ, шэрджэсхэрат Кавказым щызекIуэ хабзэхэр кьезыгъажьэу щытар. Зи фащэ ящыгъыр хэт кьэзакъэм? Мэзкуу метром телъыджэ гуэр си нэгу щыщIэкIат перестройкэм и зэманым. «ТепльэгуэкIэ» фIэкIа абы сызэреджэнур сщIэркъым. Европей кIэстум зэфIэткIэ зэщыхуэпыкIа кавказ щIалэ гуп зэрыс метром и бжэр зэIуокIри, кьэзакъ гуп къотIыхьэ, адыгэ фащэ зыкъызыхэр ящыгъыу. Дауэ кьыпщыхъурэ ар?

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм хуэзэ щапхъэ куэд диIэщ. Ахэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыдыгъэ зэхьэщIыпIэ IупщIу уолъагъу. Нагъыщэ зытетхэри куэду диIэщ. Ахэри зэрыщэрджэх нагъыщэм шэч хэлъкъым. Сыту жыпIэмэ, нэгъуэщIхэм апхуэдэу ящIыртэкъым, адрей кьамэщIхэм иджыри кьаублатэкъым Iэщэм дамыгъэ тращIыхьу. А псори щэрджэс хьэпшыпхъ. Европей кIэстум зэфIэткIэ зэщыхуэпыкIа кавказ щIалэ гуп зэрыс метром и бжэр зэIуокIри, кьэзакъ гуп къотIыхьэ, адыгэ фащэ зыкъызыхэр ящыгъыу. Дауэ кьыпщыхъурэ ар?

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм хуэзэ щапхъэ куэд диIэщ. Ахэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыдыгъэ зэхьэщIыпIэ Iупщ1у уолъагъу. Нагъыщэ зытетхэри куэду диIэщ. Ахэри зэрышэрджэх нагъыщэм шэч хэлъкъым. Сыту жыпIэмэ, нэгъуэщIхэм апхуэдэу ящIыртэкъым, адрей кьамэщIхэм иджыри кьаублатэкъым Iэщэм дамыгъэ тращIыхьу. А псори щэрджэс хьэпшыпхъ. Европей кIэстум зэфIэткIэ зэщыхуэпыкIа кавказ щIалэ гуп зэрыс метром и бжэр зэIуокIри, кьэзакъ гуп къотIыхьэ, адыгэ фащэ зыкъызыхэр ящыгъыу. Дауэ кьыпщыхъурэ ар?

Ищыкъуэ, къэхъу хабзэрат. Адыгэхэр эзтраукIа жыIэ, я Iэщэхэр нэгъуэщIхэм яIэрыхьащ. Мис, псалъэм папщIэ, езы кьамэр зэращI щIыкIэм, жудыр зэрыжьэдах хабзэм елъытауэ уоплъри, зэрыадыгъ хьэпшыпыр уолъагъу. Ауэ тет дамыгъэр нэгъуэщIщ. Абы кьикIыр ар нэгъуэщI Iэщ1агъэлIым кьищэхури, дыжьын тхыпхъэ трилъхьэжауэ аращ. Абы къыхэкIыу, зэхэбгъэкIыну гугъущ, ущыуэнкIи хьунущ. ИтIанэ, хьэпшыпыщIэ гуэр къежьа нэужь, ар къэзымыгъэжьами ищIу зрегъаСэ. «Адыгэ сэшхуэ схуэщI» жеIэри зыгуэр кьоклуэ дагъыстэн дыщэкIым дек, псалъэм папщIэ, е «шэрджэс нагъыщэ» («черкес накыш») тету схуэщI жи. Дагъыстэнри хуэмыхукъым, пэжыр жыпIэмэ. Аращи, хуещI лъэIуэкIуэм «шэрджэс нагъыщэ» зыкъизыхь. Iэщэр зым ещI, нагъыщэ тезыльхэр нэгъуэщIщ. Плъагъурэ, хьэпшып куэд зыщIэлъыр артмуэзей, Эрмитаж хуэдэхэращ, музей кьызэрыкIуэхэм зы хьэпшып-хьэпшыпитI щIэлъу араш, абыхэмкIэ дауэ зэхагъэкIын а псор? Адыгэхэм ятеухуауи тщIэртэкъым ар. Иджы мы къаша хьэпшыпхэм я фIыгъэкIэ зэхэдгъэкIауэ аращ.

ИтIанэ «зыщIар Алийщ» жиIэу Iэщэм тетхакIэ, абы куэд кьыбжиIэнукъым. Псалъэм папщIэ, мы тхыпхъэм зэреджэр «маззэ» *(къеГъэлъагъуэ).* Нэмыщ1э Iэщагъэлиищым ящIырт «маззэ» тхыпхъи, адыгэхэми ягу ирихьри, ящIын щIадзащ. Апхуэдэ нагъыщэу щитIым нэс диIэщ. «Маззэр» зы, иджыри «фальэ» тхыпхъэми куэдрэ урохьэлIэ.

Мыбы адыгэ Iэщэкlэ дыщIеджэр апхуэдэ тхыпхъэ нэгъуэщIхэм ящIыртэкъыми аращ, нэгъуэщIхэм апхуэдэ нагъыщэ лIэужьыгъуэ къафIэIуэхутэкъым. Мыбы нэгъуэщI лъэпкъхэм я деж дыщрихьлIэркъым. Мыпхуэдэ нагъыщэкэр зыхуэзэр епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэращ. Зы зэманкIэ Мысырым щIэ адыгэхэр щхьэхуиту щытащ. ИтIанэ, Тыркум иубыда нэужь, Шэрджэсейр щIыпIэ тхыдэзауэ пщщхьэжкIат.

Мамлюк щIыжаIэкIэ «пщылI хужь» кьраргъэкIыу арат. ЯпэщIыкIэ яIар тырку пщылIт. ИужькIэ, 1230 гъэра си гугъэжщ, адыгэжэр тепщэ хъури, зэманкIэ унафэр яIэщIэлъащ. 1517 гъэра сфIощI тыркухэм Мысырыр щаубыдэр. Ауэ мамлюкэр япэщIыкIэ яукIыртэкъым, я мыпхукуи къытрахыртэкъым, я сэрейхэри кьыхуаГъэнат. Хуейхэр тыркухэм ягухьэрти, Тырку кьэралыгъуэм хэту ядэлажьэрт. Ауэ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и пэм революцэ хуэдэу Iэуэльауэ гуэр кьэхъури, ар ягъэбэяжьыни папщIэ тыркухэм яубыда щIынальэхэм зауэлIу исыр зэхуащэсащ. Абы ирихьлIэу албаныдзэм и дзэпщ Мухьэмэд-Алий жьыуаIэр Iэкlуэльаклэ гуэр кьыщIэкIынти, дзэхэр зэгуигъэхьащ, унафэр иубыдри, тыркухэм ар пэщдуэз ягъэувыну кьабыл ящIащ. Иджы и тельхьэхэм щIы яритын хуейтэкъэ? ХэкIыпIэ тынш дыдэ кьыйгуэтащ, щIы иIэтэкъыми, мамлюкхэм я щIыр къатримыхьу, езыхэр иукIын щIидзащ, ящIхэр иубыдын папщIэ. Арати, адыгэхэм Шэрджэсейм зэрыщыщIыр кьащIэжри, я хэкум ягъэзэжащ. Иджы адэкIэ жыслэнур хуэзгъэфащуу аращ, мыпэжыкIи папщIэ тыр

Ислъамым и нур

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.**

● Гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиlэ хъыбархэр

Шэ стэкан закъуэм къыпэкlуар

Iейуэ мэжэлIа сабий тыкъыр цыкlур зы унагъуэ гуэрым я бжэм тетlыркъат, шхын тlэкlу щхьэкlэ елъэIуну, арщхьэкlэ, бжэр къыIуэыха фызым щыукlытэкри, псы стэкан закъуэ иригъэфэну елъэIуфауэ аращ. Бзылъхугъэ псэ къабзэм гу лъитат сабийр зэрымэжэщlалIэм. Шэ стэкан къыщlихыу сабийр щригъафэм, щIалэ цыкlур щIэупщIащ:

- Ахъшэ дапщэ уэстыжьын хуейр? - жиIэри.

- Зыри къыIэптыжьын хуейкъым. Дэ ди анэм къыджиIэу щытащ Iуэхуфl длэжьыш и уасэр къэдмыщтэну, - жэуап итащ фызым.

Сабий мэжэлIам апхуэдизкlэ гуапэ щыхъуат а зы шэ стэканри, игъащlэм зэи и гум ихуакъым.

Зэманыр кlуэурэ щIалэ цыкlури балигъ хъуащ, бзылъхугъэри тlорысэ хъуащ. Кlинэмыщlауэ, бзылъхугъэр сымаджэ хьэлъэ хъуат. Абы и узым пэлъэщын дохутыр къуажэм дэстэкъыми, ар яшащ къалэм дэт сымаджэщышхэм. Щалъхуа къуажэм сымаджэ къыIэзэрыращар зэрыIэзэхихыу, дохутыр Iэзэр епIэщlэкlыу щыхьащ ар зригъэлъагъуну. Сымаджэм дохутырыр зэрыIуплъэу, абы и нэгу къыщlыхьэжащ и сабиигъуэр: шэ стэкан къезытауэ щыта бзылъхугъэрат ар. Ауэ бзылъхугъэм щIалэр къицlыхужатэкъым.

ЛъэкI къимыгъанэу, хущхъуэфIхэри Iэмал псори къигъэсэбэнурэ, бзылъхугъэм и узынщагъэр зэтригъэувэжащ дохутыр Iэзэм. Цlыхубзым мылъкушхуэ зэрыбгъэдэмылъым къыхэкlыу ар куэдым егупсысат, иIэ псори ищэн хуей зэрыхъунум щэч къытрихьэртэкъым.

- Си узынщагъэр зэтегъэувэжыным ахъшэу текIуэдар къысхуэвбжь, - жиIэу бзылъхугъэм сымаджэщым и лэжьакlуэхэм защыхуигъаэзм, абы къыхуахьащ узынщагъэр зэтегъэувэжыным мылъкуу текIуэдар зэратам щыхьэт техъуэ тхьилъымпIэр.

ТхьилъымпIэм и лъабжьэм Iэрытхыу кlэщlэтт: «Ди анэм къыджиIэу щытащ Iуэхуфl длэжьыш и уасэр къэдмыщтэну», къызжепIатэкъэ, шэ стэкан себгъафэу, дапщэ уэстыжьын хуейр щыбжесIам?»

Аращи, дэтхэнэ зыми илэжьа Iэхум (ар фыми, Iейми) къыпэкlуэр зэригъуэтыжьыным щэч хэлъкъым.

Дыщэ Iэпщэхъумрэ цIыхум и гъащIэмрэ

Мы хъыбарым ипкъ иткlэ, сэри си нэгу щIэкlа, гукъинэж сщыхъуа зы Iуэху кlэщlэ цыкlу къыфхуэсIуэтэжынщ.

90 гъэхэм ислъам диным сыхуеджэу Сирием и къалащхьэ Дамаск сыщыIэу къэхъуащ мы Iэхур. Урысей Федерацэм и посольствэу Дамаск дэтым пэмыжыжьэу «Рэкну-дин» хьэблэм дэтащ «Синан» жыхуиIэ сымаджэщ ехьэжьа (иджыпстуи мэлажьэ ар). Абы ахъшэкlэ фIэкlа къыщlохьэзэнтэкъым, сыту жыпIэмэ, ар къэралым ейтэкъым. Сымаджэщыр зейр къулей дыдэт, абы щIэтт адрей сымаджэщхэм ямыIэ Iэмэпсымэ куэд.

Зы лIы гуэр сымаджэ хьэлъэ щыхъум, ар здамыша сымаджэщ щIагъуэ Щамым къыданатэкъым, арщхьэкlэ, зыри сэбэп хуэхъуфыртэкъым, абы зэреIэзэн Iэмэпсымэфlхэр зэрамыIэм къыхэкlыу. Иужьым ахэр кIуащ зи гугъу сщIа «Синан» жыхуиIэ сымаджэщым. И узынщагъэр зэтеувэжын щхьэкlэ лIыр икlэщlыпIэкlэ операцэ щIын хуейт. Абы текIуэдэну ахъшэр къыщыжраIэм, цIыхубзым и щхьэр къыфIэхуащ, апхуэдэ мылъку игъуэтынутэкъыми, арщхьэкlэ и щхьэгъусэм зыкъримыгъащIэу къыщlэкlыжащ, ахъшэр къыздрихьынум щIэгупсысу. Сымаджэщым къыщlэкlыжауэ зы Iуэху кlэщlэ цыкlу къыфхуэсIуэтэжынщ.

- Си гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ хъыбархэр

Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Индием и Ахмадабад къалэм турист куэд кърешалIэ абы дэт Сиди Башир мэжджыт телъыджэм. Тхьэм щелъэIу мы унэшхуэр адрей мэжджытхэм ещхькъым. Ар 1452 гъэм яухуащ икIи нобэр къыздэсым щIэныгъэлIхэм къамыхутэфа Iуэхугъуэ куэд пкърылъщ. А телъыджэхэм ящыщщ, псалъэм и хьэтыркIэ, абы и азэн джалIитIым, Iэуэлъауэ гуэр къыззэрыхъуу, зэуэ хъеин зэрыщIадзэр. Азэн джалIэхэм я лъабжьэхэр зэпхакъым икIи зэпэжьыжьэщ, ауэ зыр зэрыхъейуэ, адрейри абы «дожьу». Апхуэдэу щыхъум деж, зы азэн джалIэм уикIыу адрейм уэзрыкIуэ гъуэгур мыхъейуэ къонэ.

Диным теухуа щIэныгъэ къззыльыхъуэхэмкIэ щхьэпэщ

Ислъам диным теухуа щIэныгъэ къззылъыхъуэхэм папщIэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес адыгэбзэкlэ зэридзэкlащ щIэныгъэлIхэм я Iэдакъэ къыщlэкlа тхылъ щхьэпэ щыкlу куэд.

- Дунейм щыщIэрыIуэ щIэныгъэлI Iимам Iэн Нэуэуи и Iэдакъэм къыщIэкlащ тхылъ щхьэпэ куэд. Абыхэм ящыщщ «Рияду салихьин», «Iэл Iэзкар», «Iэрбэхьунэ ан Нэуэуи» жыхуиIэхэр. Зи гугъу тщIы тхылъхэр урысыбзэкlи къыдэкlауэ Урысейм щащIыху, - жеIэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес. - Мыбыхэм къахэзгъэщIну сыхуейт «Iэрбэхьунэ Iэн Нэуэуи» жыхуиIэр. Дунейм зы мыдрисэ щыIэу щыщIэкlынкъым ар щрамыгъэджу, сыту жыпIэмэ, мы тхылъ щIыкIым ит хьэдис плIыщIым диным и лъэныкъуэ псори къыззщIабыдэ: гъэзэкъуэныгъэм, ислъамым и пкъохэм, Алихьым ухуэжьIэщIэным, гъэсэныгъэм, зэхущытыкlэ дахэм, Алихьым пэгъунэгъу уэзрыхуэхъуным, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр. Нобэ мы тхылъ щIыкIыр адыгэбзэкlэ зздзэкlауэ утыку къихьащ икIи дыщогугъ щхьэпэм яхуэхъуну зи диныр зыджыну хуейхэм.

● Къурlэным щыщ Iэятхэм я мыхьэнэр

Уэшхым ирилъэсэха къыр джафэм хуигъадэхэр

«Уа, Iиман къззыхьахэ! Псапэ фщIар фымыхъуэныж, Алихьымирэ Къемэт махуэмрэ зи фIащ мыхъухэм я щIэр фыкlэ ягъэIун папщIэ фэрыщIагъэкlэ сэдэкъэ зэратым хуэдэу. Ахэр хуэдэщ мывэ къыр джафэу, щIыгулъ зытелъым. Ауэ, уэшх къешхам а щIыгулъыр ирилъэсэхри, мывэ къырыр джафэу къэнащ. Зыри и мыхьэнэжкъым абыхэм зэхуахьэсам. Гъэзгу мыгъуэм тетщ Алихьыр зи фIэщ мыхьуэр».

Мы Iэятым и мыхьэнэр дуней псом щыщIэрыIуэ ибн Кэсир и тафсиным мыпхуэдэу къыщыкIуащ:

Псапэ блэжьар пхъуэныжьныр зэрыхьэрэмыр хьэдис зыбжанэм къыщыкIуащ: Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «ЦIыхухэм ящыщу щым Къемэт махуэм Алихьыр епсэлъэнукъым, игъэкъэбзэнукъым, уеблэмэ, елпъыххэнукъым икIи ахэр жыхьэнэ Iыхьлы хъунущ. Ахэр: ящIа псапэр зыхъуэныжьхэр; зызыгъэпагэу зи щыгъныр щым хэзылъафэхэр; пцIы яупрэ тхьэ яIуэу сату зыщIэхэр».

ЛIыкIуэ лъапIэ Шухьэиб илъэс 300-кIэ щIэгъар

Шухьэиб ЛIыкIуэ лъапIэм цIыхубэр къыхуриджэрт Алихьым фIэкlа нэгъуэщI Тхьэ зэрыщымыIэр хьэкъуу зыпхагъэкIыну. Арщхьэкlэ а къыхуеджэныгъэр зэхэзыхыр машIэт.

Алихьым Джабрэил мелыIычыр къыхуригъэхащ Шухьэиб ЛIыкIуэ лъапIэм, Тхьэм и псалъэр къыхуригъэхьри.

- Ухэт, уэ, апхуэдизу теплъэ дахэ зиIэр? - щIэупщIащ Тхьэр арэзы зыхуэхъун Шухьэиб.

- Сэ сымелыIычщ, си цIэр Джабрэилщ, Алихьым мы псалъэр къыпхуэригъэхьащ, - жэуап итащ мелыIычым. Адэкlэ Алихьым и псалъэхэм къеджащ: «Уа Шухьэиб, Сэ уэ ЛIыкIуэу укъэзгъэщIащ, Алихьым и закъуэныгъэм цIыхубэр къыхуебджэну. Ахэр тхьэнэпцIхэм яхуопщыпI. Тхьэнэпцlым хуэпщылIхэм къапэщылъ гуэзвэгъуэр яжеIэ!»

Шухьэиб цIыху щабэт, бзэ IэфIт. Дахэ защIэкlэ цIыхубэр Алихьым и закъуэныгъэм адэкIи къыхуриджэми, куэдым ар я фIэщ хъуртэкъым.

Алихьым Шухьэиб Iэмыр хуищIащ: «Иман къззыхьахэр гъусэ щIыи, а щIыпIэ бзаджэр бгынэ. Сэ Iиманынышэхэр згъэкIуэдыжынурэ, абыхэм я щIэинхэр уэ уэстынущ». Шухьэиб а Iэмырыр игъэззащIащ.

Зэуэзэпсэу пшэ фIыцIэр уафэм къытрихьащ. Шухьэиб къигъэззэжри, иджыри зэ цIыхубэм захуигъэзащ: «Иман къэфхь, Алихьым и нейр къыфщымыхуэ щIыкIэ, си псалъэхэм я щIыхьэтщ уафэм къытрихуа пшэ фIыцIэр». Арщхьэкlэ щытыкIэм зихъуэжакъым. Иужькlэ хьэуа пщтыр къыщIыкъуэум, джаурхэр мэзым щIэлъэдащ, арщхьэкlэ, жыхьэнмэм и бжэхэм ящыщ зыр Алихьым ыхьзэIуихри, мафIэ губжьар ящхьэщигъэхьащ. Иманыншхэм зыщагъэпщкIуащ бгъэнщIагъым, арщхьэкlэ абыи щыщымбзэуфым, къыщIэжьжьэри, губгъуэ нэщIым илъэдащ. Аргуэру пшэ фIыцIэр уафэм къыщытехьэж, Иманыншхэм псоми а жьауапIэм зыщIадзащ. Арщхьэкlэ, Алихь губжьам напIэзыпIэм ахэр мафIэм иригъэсащ, ахэр зыхуэпщылIа тхьэнэпцIхэри зыкIи къадэIэпыкъуфакъым. Абыхэм я щIэиныр Iиман къззыхьахэм яхуигуэшащ ЛIыкIуэм.

Дин щIэныгъэлIхэм я тхылъхэм къызэрыщыкIуамкIэ, Шухьэиб илъэс 300-кIэ псэуати, псэуху гъащ.

- «Сыт, Шухьэиб, ущIэгъыр? Жэнэтым ущIэхъуэпсмэ, жэнэт Iыхьлы ущIынущ. Жыхьэнмэм ущышынэмэ, абы ущисхъуэмнущ», - жиIэу АлыхьыР ЛIыкIуэм щеупщIым, абы жэуап итащ: «Я Алыхь закъуэ, сэ жэнэтми сыщIэхъуэпсыркъым, жыхьэнмэ мафIэми сыщышынэркъым. Сэ сыщIэгъыр Уэ пхуэзиIэ лъагъуныгъэм сегъэгумащIэри аращ».

Алихьым жиIащ: «Уа, Шухьэиб, уэ Сэ сыкъызэрыплъагъум хуэдабзэу, Сэри уэ узолъагъу. Сэ сызэпсалъэу щыта ЛIыкIуэ лъапIэ Мусэ илъэсипщIкlэ уэ уи мэл гуартэр щIезгъэгъэхуар сыт уи гугъэ? Уэ сэ къысхууиIэ лъагъуныгъэмрэ шынагъэмрэ папщIэ уэ налкъутым къыхэщIыкIауэ жэнэтым псэупIэ щыбгъуэтынущ. А псэупIэм и бжэ зэIуэкlмкIэ укъыщыщIэплъкlэ, Сэ сыкъэплъагъунущ щкIи а бжэхэр зэи зэхуэсщIынукъым».

● Фи лъэIукIэ

Дыгъэгъазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, щэбэт	05.49	07.19	12.05	14.22	16.32	18.11
2, тхьэмахуэ	05.50	07.20	12.05	14.22	16.32	18.10
3, блыщхьэ	05.51	07.21	12.05	14.22	16.32	18.10
4, гъубж	05.52	07.22	12.06	14.22	16.31	18.10
5, бэрэжьей	05.53	07.23	12.06	14.22	16.31	18.10
6, махуэку	05.54	07.24	12.07	14.21	16.31	18.10
7, мэрем	05.55	07.25	12.07	14.21	16.31	18.10
8, щэбэт	05.56	07.26	12.08	14.21	16.31	18.09
9, тхьэмахуэ	05.57	07.27	12.08	14.21	16.31	18.09
10, блыщхьэ	05.58	07.28	12.08	14.21	16.31	18.09
11, гъубж	05.58	07.29	12.09	14.22	16.31	18.10
12, бэрэжьей	05.59	07.30	12.09	14.22	16.31	18.10
13, махуэку	06.00	07.31	12.10	14.22	16.31	18.10
14, мэрем	06.01	07.31	12.10	14.22	16.31	18.10
15, щэбэт	06.02	07.32	12.11	14.22	16.31	18.10
16, тхьэмахуэ	06.02	07.33	12.11	14.22	16.32	18.11
17, блыщхьэ	06.03	07.34	12.12	14.23	16.32	18.11
18, гъубж	06.04	07.34	12.12	14.23	16.32	18.11
19, бэрэжьей	06.04	07.35	12.13	14.23	16.32	18.12
20, махуэку	06.05	07.35	12.13	14.24	16.33	18.12
21, мэрем	06.05	07.36	12.14	14.24	16.33	18.13
22, щэбэт	06.06	07.36	12.14	14.25	16.34	18.13
23, тхьэмахуэ	06.06	07.37	12.15	14.25	16.34	18.14
24, блыщхьэ	06.07	07.37	12.15	14.26	16.35	18.14
25, гъубж	06.07	07.38	12.16	14.26	16.35	18.15
26, бэрэжьей	06.07	07.38	12.16	14.27	16.36	18.16
27, махуэку	06.08	07.38	12.17	14.28	16.37	18.16
28, мэрем	06.08	07.39	12.17	14.28	16.37	18.17
29, щэбэт	06.08	07.39	12.18	14.29	16.38	18.18
30, тхьэмахуэ	06.08	07.39	12.18	14.30	16.39	18.19
31, блыщхьэ	06.08	07.39	12.19	14.30	16.40	18.19

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1ап1эм къыдитащ.

И щхьэцыр зы жэщ закъуэм тхъуат

Къулей гуэрым и деж щIакхъуэгъажьэу щыIажьэрт Ахьмэд щIалэщIэр. ЩIалэм и фIэщ хъурт Алихьри, Къемэт махуэри, арщхьэкlэ, зэи Тхьэм зыхуигъэзатэкъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Тхьэм фIэкlа нэгъуэщI дэIэпыкъуэгъу зыри зэрыщымыIэр гурэ псэкlэ зыхиущIэу, абы егупсысу щыттэкъым. Иман щыпкъэ зыбгъэдэлъ и щхьэгъусэр махуэ щIагъуэ хъэмынэу и лIым къелъэIурт нэмэз ищыну, арщхьэкlэ, щIалэр абы хуэпIащIэртэкъым.

ЩIалэр жыIэщIэт, зэпIэзэрытт, зыгъэлажьэхэр хуабжу къыхуэарэзыт. ЩыIажьэ IуэхущIапIэр тхьэмахуэ зэхуакум къоиубыдэу зэ игъэкъэбзэну къыльысырти, зы пIанэпэ къимыгъанэу зэщIикъуэрт.

Мис апхуэдэу и зэлъыIуэгъуэр къыщыса зы махуэ гуэрым IуэхущIапIэм щылажьэхэр псори щIэкlыжащ. Ахьмэд и закъуэу къанэри, псори зэщIикъуащ, арщхьэкlэ, щIалэр апхуэдизкlэ гумызагъэти, хьэку кIуэцIри игъэкъэбзэн мурадкlэ, бжэр Iуихри, абы ихьащ. Гъэзвэгъуэм щыщIидзар мис абдежращ.

Алихьым уигъэунэхуну хуеймэ, аракъэ?! Алихь Iэмырти, Ахьмэд и ныбжьэгъу щIалэр гъэгу тету унэм здэкIуэжьым, игу къэкlыжащ унэм къихьыжу ижьыщIыну зэрилъхьа зэрылажьэ и щыгъынхэр къызэрыщыгъупщар. ЩыгъынынхэрКъиштэжьми мурадкlэ игъэззэжу IуэхущIапIэм щыщIыхьэжам, хьэкубжэр Iухауэ, уэздыгъэри щIэгъэнауэ щилъагъум, хуащIыжыну къащыгъупща и гугъэри, бжэр иригулIыжщ, уэздыгъэри игъэункlыфlыжри, къызэтемыувыIэу зыщIыкIыжащ. Iуэхур зыIутыр Ахьмэд къащыгурыIуэм, и фэр пыкIащ: бжэм къеуIуу, кIийуэ щIидзащ, арщхьэкlэ, зыми уэзхихынутэкъым, хьэку кIуэщIым уису бжэр Iупхьфынкlи зы Iэмал щыIэхъым. Ныбжьэгъуми и щыгъыныр къищтэжри щIэкlыжащ. Псэкlэ баузу зы цIыху Iуэхущlапlэм къыщIэнакъым, нэху щыуэ ложьакIуэхэр къызэрыщIыхьэу, псом япэ хьэкур щIагъэнэнущ.

Къыпэщылъыр къыщыгурыIуэм, Ахьмэд и лъэр щIэхуащ. Тэлайкlэ щыса нэужь, тIэкIу зыкъыщIэжри, сыхьэтым епIащ. ЩIылъхэр къызэхуэсу хьэкур щIагъэнэным сыхьэтитху иIэжт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, и псэр хэкIыным сыхьэтитху иIэжу арат. Гъэзвэгъуэм хэт щIалэм зэуэ и нэгу къыщIэувэжащ и гъащIэр псор. Ар зэгупсысыр зыт: мафIэм зэрисыну щIыкIэрат, хьэкум зэригъэжьэнурат. Абы игу къэкlжат махуитI ипэкlэ Iэпхъуамбэкlэ зыжьэхэуа гъущIипэ пщтырым и лыр зэригъэузар. ИкIэри ипэри Iэпхъуамбэ къудейт абы щыгъуэм мафIэм исар. Ар зырикIт, езыр псэууэ хьэкум зэрырижьхьыным елъытауэ.

Зыми укъимыщIэу, упсэууэ мафIэм уисыным сыхьэт бжьгъэ фIэкlа къызэрымынэм ущыгъуэзэн жьыхуэпIэр мыбдеж ущлытI?!

Мис а жэщыращ Ахьмэд къащыщыгурыIуар Алыхь закъуэм фIэкlа нэгъуэщI дэIэпыкъуэгъу зэрыщымыIэр, Тхьэм узэхимыхмэ, нэгъуэщIым зыми узэрызэхимыхынур. ИгъащIэм имыщIа нэмэзыр хьэку бэнэвым щищIащ, лъэгуажьэмыщхьу зридзыхри, и Iитlыр Iэтауэ, и гумрэ и псэмрэ къабгъэдэкlыу Тхьэ закъуэм елъэIун щIидзащ Ахьмэд: «Я Алыхь, Уэр фIэкlа нэгъуэщI зыри дэIэпыкъуэгъу сиIэкъым! Я Алыхь, Уэ сызэхыумыхмэ, нэгъуэщIым зыми сызэхихынукъым! Я Алыхь, сыкъыщыбгъэщIа дакъикъэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым гуэныхьу сщIар къысхуэгъэгъу! Я Алыхь закъуэ, Уэ зы закъуэм фIэкlа гугъапIэ сиIэкъым!» жиIэурэ.

Мыдэкlэ хьэкубжэр хуэзыщIа и ныбжьэгъур гъуэлъыжауэ, щIылхьэпIэу елъагъу, гъэзвэгъуэр телъу Ахьмэд кIийуэ: «Бжэр Iух, си къуэш», - жиIэурэ, зифыщIыжу хьэкубжэм къеуэу. ЩIалэр щтауэ къэушри, къыщIилъэтащ. Абы занщIэу игу къэкlыжащ еIунщIу хуищIа хьэкубжэри, игъэункlыфIа уэздыгъэри. А псори зэпилъытри, жэщыбгым щIэпхъуащ. КъызэтемыувыIэу жэкlэ щIэлъэ-дащ Iуэхущlапlэм, хьэкубжэр Iуихри: «Ахьмэд! Ахьмэд!» жиIэурэ джащ. Ахьмэд и нэпситIыр хъещэщэхыу щыст Тхьэм елъэIуу. И Iэблэр иубыду, хьэкум къыщыщIишыжьым, ныбжьэгъур щIэупщIащ: «Ухэт уэ?» «Сы-Ахьмэдщ», - щэху дыдэу зэхихащ жэуап. И нэхэмкlэ илъагъур и фIэщ хуэгъэхъуртэкъым ныбжьэгъу щIалэм. Дыгъуасэ щхьэщ фIыщIэшхуэ зытета Ахьмэд щIалэщIэм и щхьэщыр уэсым хуэдэу хужьу тхъуат, ныбжьышхуэ зиIэ лIыжьым хуэдэу и нэкlур эслъат.

ЩIалэщIэр апхуэдизкlэ мафIэм щышынати, сыхьэт бжьгъэм и кIуэцIкlэ апхуэдэ теплъэ игъуэтат. Ауэ щыхъуэкIи, дунеягъэ мафIэр сытым щыщ, жыхьэнмэ мафIэм елъэтауэ?

Фейдэ къебгъэщIыну ахъшэ щIыхуэ птыныр

Ибн Хьэджэр аль Малики итхьжащ: «930 гъэм Мысырым сыкъынкIыжри, си адзжь хэкум къэзгъэззэжащ. Рэмэдан мазэхэм иужьрей махуипщIхэм зы пщэдджыжь къэмынэу си адэм и кхъащхьэм сыкIуэрт. Зы пщэдджыжь гуэрым си адэм и кхъащхьэм деж КъурIэн седжэу сыздэщысым, зэхэсхащ гуэзвэгъуэ макъ гуэр. А макъыр къыздикIыр ззэгъэщIэн мурадкlэ сыщежьэм, абы сыхуишащ зыгуэрым и кхъащхьэм. А макъыр зэми гъзырт, зэми щэIурт, зэми кIийрт. ЩтэIэщтаблэу зы тэлайкIэ сыщыта нэужь, сыкъыIукIыжри, къуажэм сыдыхьэжащ. ЦIыхухэм сащыщIэупщIэм къызжаIащ ар зи хъащхьэм и цIэунэцIэр. Нэхъри телъыджэ сщыхъуащ ар сэ сцIыхуу зэрыщытар: Ар Алыхьыр зи фIэщ хьу цIыхут. И нэмэзми, и нэщIми хуэсакъыу, псапэ щIэнкIи зыри къытемынэу апхуэдэт. Гъэзвэгъуэхуэр зыгъэву щIым щIэпъым дунейм щилэжьа Iуэхугъуэхэм сыщыщIэупщIэм, къызжаIащ: «Жащ-махуэ имыIэу Алыхьым и арэзыщIынигъэм телажьэрт ар, ауэ щыхъукIи, фейдэ къригъэщIу ахъшэ щIыхуэ итырт», - жаIэри.

Мы хьэдисым иджыри зэ дигу къегъэкIыж проценткlэ ахъшэ щIыхуэ тыныр зэрыхьэрэмышхуэр.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ФыкIуэж закъуэ



Дунейпсо экономикэмрэ цIыху бжыгъэмрэ зэрызэдэмыхъужыр, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэмрэ IэнатIэ IутхэмитI зэрыпсэуж къызэрамылажьыфыжыр нэрылъагъуф. Iуэхушхуэрэщи, кIуэ пэтми цIыхуIэр лей щыхъу, «цифровая экономика» жыхуаIэм щIэгъэхуэбжьвуэ дыщыхуэкIуэ зэманым, зыми пыу хыкIауэ жиIэркъым цIыхум ящIэнур. Нэхъ зэфIэкI зиIэ къэралхэм я унафэщIхэмы дунейпсо организацхэмы мы Iуэхум я щхьэр игъэуэзу гу лъпIтэркъым.

КЪЭРАЛХЭМ я лъэпкъ экономикэхэм зрагъэужьыну Iэмал кьезымытыр МВФ-мрэ Дунейпсо банкымрэ ирагъэкIуэкI политикэраду жаIэ мы Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI экспертхэм. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, къэралым и къалэныр я нэхъ мащIэу цIыхум ятригъэкIуэдапхъэмрэ налог къыхэхьнымрэ деж щызэфIэкIыу ягъэуващи, экономикэм игъуэтыпхъэ зыужьынигъэр яхуэгъэбелджылыкъым. Абы къыхокI къулейсызыгъэр.

Къапщтэмэ, политолог цIэрыIуэ Гафуров Саид МВФ-мрэ Дунейпсо банкымрэ цIыхуцIэ зиIэр зыхуэшар здыжиIэм, къыхегъащ лъэпкъ экономикэхэр Кьухьапlэм, США-м, иджы Китаймэ зэрыхуэлажьэм демократие нэс здэщыгъыIэ къэралхэм я унафэщIхэми я къуаншагъэшхуэ зэрыхэлъыр. Дунейм къыщыхъуу зэхъуэкIыныгъэхэм уакъыкIэрымыхуным теухуауэ щIалгъэхэмрэ къэралым ифI зыхэлъ къэкIыпIэмрэ егупсысу гугъу зрагъэхьыну хуейкъыми, пIалъэкIэ къэIэрыхьа тетыгъэмкIэ ирэзыхуу мэпсэу унафэщIхэр. Апхуэдэхэм ящыгугъхэм я щIэблэр, сом къыщалэжьыфын лъыхъуэу, къэрал гъунэгъуэхэр дэнэ къэна, нэгъуэщI континентхэм къокI.

«ЦIыху лейхэр» жаIэ хъуащ лэжьапIэнщэхэм, зи щхьэ къезыхьэкIхэм щхьэкIэ. Апхуэдэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъунур къыбгурыIуэн щхьэкIэ щIэныгъэшхуи ухуейкъым. «Политикэм щхьэщ иIэр, гу кIуэщIылъхьам», - жиIэ гъащ Наполеон Бэанэм. Ауэ «а щхьэми» шэч къытыбохьэ «зауэшхуэ куэд щIауэ зэрыщымыIам и зэранкIэ зекюмикэм зиужьыжьыркъым», - жаIэу щатхкIэ. Апхуэдэ «губзыгъагъэ» къызэдиуKIыр США-мкIэщ. ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиухам Америкэм зыIэщIиубыдат дунейпсо дыщэ фондым и процент 70-р. Дауи, ар идыри хуейщ жьыжьу щекIуэкI зауэ, американкэр кIуфей зыщIын. Къапщтэмэ, дэ сыт хуэдэ зауэми цIыхуэр мыпIкуэр хэтлъхьауэ аращ, илъэс пущIы бжыгъэкIэ зыкъыт-хуэмыжьыжьу. Си кIуажэ Арщыдан и закъуэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ цIыху 500 дэкIати, 314-м къагъэзэжакъым, си адэшхэуэри яхэту. Ар зы щапхъэ закъуэу аращ.

ООН-р щыхьэт зэрытехъуащи, цIыхур ди зэманым гугъуехь къуэдиIэ пэщIэтщ я щIэкIэ-псэукIэм теухуауэ, уеблэмэ зауэ нэужь 1945 гъэр нэхъыфIащ иджы нэхърэ. Псалъэм папщIэ, Йемен, Сомали, Нигерие, Судан Ипщэ къэралхэм я цIыху мелуан 20-м хуэдизым яшхьи ягъуэтыркъым.

НэгъуэщI бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, дунейм цIыхуу тетым я зы мелардым псы зэфэн яIэкъым, мелардитIур гъаблэм пэщIэтщ.

Ди махуэхэм къэдгъэззэжмэ, иужьрей зэманым ди нэгу щIокI Америкэ Курытым и къэралхэм къикIыу Мексикэм фыкIуэцIрыкIа цIыху гупшIхэз (мини 3-4 хъууэ жаIэ) США-м и ипщэ гъунапкъэм къызэрекIуэлIар.

США-м и президент Трамп ахэр къэралым къибгъэхьэнкIэ Iэмал имыIэу, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къикIа щIэпхъаджащIэхэр яхэтынкIэ хъуну жиIэу, американкэр игъэшынэну хэтщ.

Мексикэм Iэпхъуэшапхъуэхэр къиуфыIэн Iуэху зэрызэримыхуэр щалъагъум, Трамп и унафэкIэ гъущI бжьхь лъагэу кърагъывэкIри, американ сэлэт мин 15 а гъунапкъэм ягъэкIуащ, зы цIыху къызэпрамыгъэкIыу яхъумэну.

Америкэм и закъуэкъым Iэпхъуэшапхъуэхэм хэмеижьыр. Германиеи и МВД-м «илъэсыщIэ тыгъэ» яхуигъэхъэзыращ Африкэм, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, КъуэкIыпIэ Европэм кьикIа Iэпхъуэшапхъуэхэм: дыгъэгъаззэм и IэкIэ ягъэзащIэ я Iэкъм ягъэззэжу, щыпсэун унэ бэджэнду къызэращтэ е ялахэр зыхуей зэрихуэгъаззэм щыхьэт техъуэ тхылъ Германием къыIэрагъэхьэн хуейщ.

Пэжыр жысIэнщи, а псом кIэльыпIэлынур гурыIуэгъуэкъым. ГурыIуэгъуэкI европей къэрал лъэщыр, зызыужьар хамэхэм зэрахуэмеифщ, я экономикэм ахэр «зыщIишэфыну» жаIэу щытамри.

● Дзюдо

Мисировыр псоми ятокIуэ

Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас щекIуэкIащ дзюдомкIэ Урысейм ис ныбжьыщIэхэм я зэхъэзэхуэ. Абы хэтащ щIыналъэ 62-м къикIа, зи ныбжьыр илъэс 21-м нэмыса цIыху 600-м нэблагъэ.

МИСИРОВЫР Исмэхьил утыкум тхуэнейрэ ихьати, псоми щатекIуащ. Иужьрейуэ абы и хьэрхуэрэгъу хъуар Иркутск щыщ Махмадбеков Махмадбект. Ар хигъащIэри, ди щIалэм ныбжьыщIэхэм дзюдомкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ.

Мисировыр и гъэсэнщ Емкъуэ Мухьэмэд.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

● Бэнакlуэ хунт

Бэнакlуэ ныбжьыщIэхэм зэуэ медалиплI къахь

Ныбжьыщlэхэм бэнэкIэ хуитымкIэ я XXVIII зэпеуэ зэIуахэр Москва къалэм и ЦСКА-м олимп зэпеуэхэм хэтыну зыщыгугъэр щагъэхьэзыр и спорт комплексым щекIуэкIащ. ССР-м щIыхь зиIэ и тренер Преображенский Сергей и фэеплъу къызэрагъэпэщат ар.

ИЛЪЭС 17-19 хъу ныбжьыщIэу 100-м нэблагъэр я хьэлъагъ елъытауэ увыпIэ нэхъыщхьэхэм щIэбэнащ.

А зэхьэзэхуэм КъБР-м щыщ бэнакIуэхэм медалиплI щызыIэрагъэхьащ. Увыпlэ нэхъыщхьэр яубыдащ ЩэкIэгъэпсэу Кьантемыр (кг 57-рэ). Шэру Иналбэч (кг 65-рэ), Хатанов Идар (кг 74-рэ) сымэ. Мэкъуэуэ Альберт (кг 65-рэ) дыжьын медалыр кьихьащ.

ДЫГЪУЖЬ Къаплъэн.

Къандэхъу Мухьэрбий и фэеплъ зэхьэзэхуэ

Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм бэнэкIэ хуитымкIэ я XXV урысейпсо зэхьэзэхуэ. Ар Аруан райкомым и ипэ секретару лэжьа Къандэхъу Мухьэрбий и фэеплъу къызэрагъэпэщауэ щытащ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ илъэс 11 - 13, 14 - 17 ныбжьхэм итхэу КъБР-м, КъШР-м, Адыгей, Шэшэн, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Дагъыстэн республикэхэм, апхуэдэуи Краснодар краймкIыкIа ныбжьыщIэ 500-м нэблагъэ.

Ди щIалэхэм ящыщу ипэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ Iэщым Алихьан, Абрэдж Кемран, Емызэш Ибрэхьим, Шыгъэлыгъуэ Айдэмыр, Молэ Темырлан, Бэрэздж Алим, Джэду Радик, Iэщым Замир сымэ.

ЕтIуанэ хъуэхэщ: Гергоков Саид, Ахъмэт Андемир, Уянаев Альберт, Къэбардэ Амир, Балэ Исльам, Къыпышкъуэ Мартин, Къумыкъу Абдрэхьим.

Ещанэхэщ: ГъукIэжь Темырлан, Iэпщэ Муса, Пхъэшх Темырлан, Къэжэр Исльам, Алабаев МусЛым, Къунижь Елдар, Битокъу Чэрим, Къэжэр Рустам, Джэдмышх TIэхьир сымэ.

ТЕМЫР Уэлий.

● Гу зылъытапхъэ

Сом мелуани 10-м нэблагъэ япшынащ

Зэратх Iэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, щэкIуэгъуэм и 17 - 23-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 9950-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 6-рэ мин 600-м щIигъу. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 6-рэ мин 960-м нэс япшынащ, тралъхьам и проценти 105-рэ.

КъУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ ягъэбагъу е сыхьэт 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелърэ птемыльрэ къащыщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м фигу кьегъэкIыж:

- рулым дэсхэм гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр уэим фымыщI!

- административнэ къуэдыхэр и чэзум фыпшын.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Сабийхэр IэфIыкIэм щахъумэн мурадкIэ

Къэрал Думэм Физическэ культурэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и комитетым хэт Свищев Дмитрий Правительствэм и Унафэщl Медведев Дмитрий тхыгъэкIэ зыхуигъэзащ Урысей Федерацэм ит еджапIэ псоми Iэфlыкlэрэ газ зыхэт псырэ зэрыщащэ автоматхэр кьыщIахьынымтеухуауэ.

ДЕПУТАТЫМ и тхыгъэм къыхощ «Демография» фIащауэ зэлэжь лъэпкъ проектым фIы гуэр кьыпэкIуэну дыщыгугъынкIэ зэрыщыкъэзэгъэщIэжыр, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я узыншагъэм егуэгъуэ Iэфlыкlэхэр тыншу къэзэрыIэрыхьэм унафэ трамыщIыхьмэ.

Фигу къэзэрэкIыжыщи, «Демографиям» лъэпкъ проектыр зытеухуэжар ди къэралым и цIыху бжыгъэр хэхъуэн щхьэкIэ щIалпхъэхэрщ: япэрауэ, цIыхуэхэм я узыншагъэр езыгъэфIэкIуэн спортым нэхъыбэ кьызэщIегъэуфыдэныр, шыгъуэрэ фошыгъуэрэ зыхэлъыр нэхъ мащIэу яшхьи егъэсэныр, тутыныжрэ фадэмрэ я гъащIэм хъыхамрэгъэхьэныр. Ди цIыхуэхэр узынщэну дыхуейимэ, а Iуэху псоми тедгъэщIэн, абыхэм зэманми мыпхъуи тедгъэкIуэдапхъэ кьелъытэ депутатым.

Урысейм Узыншагъэр хъумэныжкIэ и министерствэм кардиологие къэхутэныгъэхэр щагъэкIуэкI и медицинэ центрым и унафэщIым и къудэз, дохутыр-кардиолог Погосовэ Нанэ зэрыжиIэмкIэ, Iэфlыкlэ зэмылIэужьыгъуитIыщы зы махуэм зышх сабийм и Iэпхъэпхъым дежкIэ ар егъэлеяц. «Арыншами, фошыгъу зыхэлъ абыхэм щащх еджапIэм и щхапIэм. Ауэ сабийхэм IэфIыр зыми хъмылъхьэу фIыуэ зэралъагъум кьыхэкIыу, автоматым илъ псыIэфI, шоколад зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри мызэ-мытIэу кьащэху. АтIэ, сабийм псыIэфI бащырбэ зы закъуэ фIэкIа иримыфми, ар псынщIэу Iэпхъпхъэпхъым хьхьэ фошыгъуэкIэ зэрыгъэнщIам къыжаIкIыу, кьызэрымыкIуэу зэранщ и узыншагъэмкIэ. Углевод хэзыкIуэщ сабийр, апхуэдэу щыхъукIэ, ар ягъэткIуэн щхьэкIэ къару нэхъыбэ зытрагъэкIуэдэн хуеймкIэ щхьэ зэдмыхьуэкIрэ а автоматхэм ильыр?» - жеIэ дохутырым.

Абы кьызэрилъытэмкIэ, автоматхэмкIэ пщэ хъунущ хьэцэпэцэм кьыхэщIыкIа батонхэр, хлебцы, кашэ, хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ упщIэтауэ. ПсыIэфIым и пIэкIэ, псы кьызэрыгуэкI е минеральнэ.

Узыншагъэр хъумэныжкIэ министерствэм и лэжьакIуэ Халтурин Дарье жиIэращи, псыIэфIым, фошыгъуэм кьинэмыщIа, хэлъ фосфор кислотарэ нэгъуэщI химие лIэужьыгъуэхэмрэ. Иужьрейхэр зищIысымрэ цIыхум зэранигъэу кьыхуахьымрэ иджыри зэхагъэкIакъым.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, иужьрей илъэсипщIым проценти 10-кIэ нэхъыбэ хъуащ цIыхухъу пшэрхэм я бжыгъэр. Си щхьэкIэ куэдрэ сольагъу и щхьэгъусэ уэндэгъум и ныбэм зыкIи кьыкIэрымыкIу ныбэ ззыыгъэпэщащIалэхэр. Сыт щIапхъэ ди щIалэгъуалэр IэпхъпхъэпхъэзэкIужу щытыным теухуауэ?

Япэрауэ, дыщыгугъынщ Къэрал Думэм щагъэхьэзыр «Демография» лъэпкъ проектым ифI кьыдэкIыну. Ауэ ар нобэ зэуэ къэхъуну Iэхъукъым. Дэ тхуэщIэнур апхуэдэу гугъукъым, тIэкIунитIэ ди щхьэ дыщIэгугъусысыжмэ: гуфIэгъэ, гуэзвэгъуэ Iэнэжэм псыIэфI щхьэжэIэплъыкIэхэр тедвмыгъэгъэувэ, ахэр сабийжэм къахуэдвмыгъэщэху, лыкэкIым тортрэ шейрэ трафыхьыжьым хуейуэ хабзэ зэрытхуэхъуар дыжьэкъутэж.

Здэстхым шэч кьытызохьэ а жысIэм зыгуэр кьыпэкIуэным. Ауэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ пшэр хуэд яхэт зэрыхъуар, ныбжьыщIэхэр гъащIэм щыгугфыкIыу, дунейр тIу пкIэгъуэ яхуэмыхъуу псэуным и пIэкIэ уэ гъэтIыпIэм пэщIэтын хуейуэ кьызэрынэр пльэгъуа ноужь, «ахъшI зиIэр шхынкIэ зэгуэуэжынкъым, и узыншагъэм джэдыкIэ къутэну хущIтщ» жыбоIэ.

Ди республикэм еджапIэ куэд кьыщыбгъуэтынкъым псыIэфIрэ IэфIыкIэрэ кьозыт автомат щIэту. Ар хъарзынэщ, ауэ сабийр уэрамым здрикIуэм, лъэбакъуэ кьэс жыхуаIэм хуэдэу, тыкуэн цIыкIуэр тетщи, адэ-анэм кьрата ахъшэр зэрыхуейуэ кьагъэсэбэп. Сытуи гугъу сабийм кьыгурыбгъэIуэну зыщэм дежкIэ фIыр, къэзыщэхум дежкIэ зэрымыщагъуэр. ПщэдджьыжькI шхын папщIэу IэфIыгъэхэкI быным яIэщIэзыхьэ мамэр псом нэхърэ нэхъыфIу ди акъылым кьыхэзыпщэ рекламэми дауэ уэзрыпэщIэтынур?

Зылъэмыкlэхэм ядэIэпыкъунухэм щхьэкIэ

Хабзэкlэ щIагъэбыдэмэ, Урысей Федерацэм хьэрычэт Iуэхущlэ къыщежьэнущ. «Социальное предпринимательство» жаIэ абы щхьэкIэ. Абы теухуа хабзэм и проектым Къэрал Думэм куэд мыщIэу зэрыпхъэщ.

А ХАБЗЭМ егъэбелджылы щIыпIэ унафэщIхэм социальнэ хьэрычэтым зезыпщIытыну хуейхэм зэрызыщIагъэкъуэну щыкIэр: бэджэнджыщIэ зыщIамытыну Iуэхущlапlэ хухахыныр; зэпеуэрэ аукционрэ пхамыгъэкIыу, къэрал, муниципальнэ мылъкур зэрагъэкIуэну хуит щIынырэ; социальнэ хьэрычэт зыщIэнур абы хуегъэджэныр; абыхэм яхузэфIэкI хуэIухуэщIэхэмрэ яхэпшыпу къыщIагъэкIэхэмрэ щIэупщIэ яIэным хуэщхьэпэныр, нэгъуэщIхэри.

Сыт социальнэ хьэрычэтым кьикIыр? Ар хьэрычэт курытщ е цIыкIуц, я хэхъуэм и процент 75-р цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр езыгъэфIакIуэ, я хуитныбгъэхэр ягурызыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри мызэ-мытIэу кьащэху. АтIэ, сабийм псыIэфI бащырбэ зы закъуэ фIэкIа иримыфми, ар псынщIэу Iэпхъпхъэпхъым хьхьэ фошыгъуэкIэ зэрыгъэнщIам къыжаIкIыу, кьызэрымыкIуэу зэранщ и узыншагъэмкIэ. Углевод хэзыкIуэщ сабийр, апхуэдэу щыхъукIэ, ар ягъэткIуэн щхьэкIэ къару нэхъыбэ зытрагъэкIуэдэн хуеймкIэ щхьэ зэмыдмыхьуэкIрэ а автоматхэм ильыр?» - жеIэ дохутырым.

Абы кьызэрилъытэмкIэ, автоматхэмкIэ пщэ хъунущ хьэцэпэцэм кьыхэщIыкIа батонхэр, хлебцы, кашэ, хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ упщIэтауэ. ПсыIэфIым и пIэкIэ, псы кьызэрыгуэкI е минеральнэ.

Узыншагъэр хъумэныжкIэ министерствэм и лэжьакIуэ Халтурин Дарье жиIэращи, псыIэфIым, фошыгъуэм кьинэмыщIа, хэлъ фосфор кислотарэ нэгъуэщI химие лIэужьыгъуэхэмрэ. Иужьрейхэр зищIысымрэ цIыхум зэранигъэу кьыхуахьымрэ иджыри зэхагъэкIакъым.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, иужьрей илъэсипщIым проценти 10-кIэ нэхъыбэ хъуащ цIыхухъу пшэрхэм я бжыгъэр. Си щхьэкIэ куэдрэ сольагъу и щхьэгъусэ уэндэгъум и ныбэм зыкIи кьыкIэрымыкIу ныбэ ззыыгъэпэщащIалэхэр. Сыт щIапхъэ ди щIалэгъуалэр IэпхъпхъэпхъэзэкIужу щытыным теухуауэ?

Япэрауэ, дыщыгугъынщ Къэрал Думэм щагъэхьэзыр «Демография» лъэпкъ проектым ифI кьыдэкIыну. Ауэ ар нобэ зэуэ къэхъуну Iэхъукъым. Дэ тхуэщIэнур апхуэдэу гугъукъым, тIэкIунитIэ ди щхьэ дыщIэгугъусысыжмэ: гуфIэгъэ, гуэзвэгъуэ Iэнэжэм псыIэфI щхьэжэIэплъыкIэхэр тедвмыгъэгъэувэ, ахэр сабийжэм къахуэдвмыгъэщэху, лыкэкIым тортрэ шейрэ трафыхьыжьым хуейуэ хабзэ зэрытхуэхъуар дыжьэкъутэж.

Здэстхым шэч кьытызохьэ а жысIэм зыгуэр кьыпэкIуэным. Ауэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ пшэр хуэд яхэт зэрыхъуар, ныбжьыщIэхэр гъащIэм щыгугфыкIыу, дунейр тIу пкIэгъуэ яхуэмыхъуу псэуным и пIэкIэ уэ гъэтIыпIэм пэщIэтын хуейуэ кьызэрынэр пльэгъуа ноужь, «ахъшI зиIэр шхынкIэ зэгуэуэжынкъым, и узыншагъэм джэдыкIэ къутэну хущIтщ» жыбоIэ.

Ди республикэм еджапIэ куэд кьыщыбгъуэтынкъым псыIэфIрэ IэфIыкIэрэ кьозыт автомат щIэту. Ар хъарзынэщ, ауэ сабийр уэрамым здрикIуэм, лъэбакъуэ кьэс жыхуаIэм хуэдэу, тыкуэн цIыкIуэр тетщи, адэ-анэм кьрата ахъшэр зэрыхуейуэ кьагъэсэбэп. Сытуи гугъу сабийм кьыгурыбгъэIуэну зыщэм дежкIэ фIыр, къэзыщэхум дежкIэ зэрымыщагъуэр. ПщэдджьыжькI шхын папщIэу IэфIыгъэхэкI быным яIэщIэзыхьэ мамэр псом нэхърэ нэхъыфIу ди акъылым кьыхэзыпщэ рекламэми дауэ уэзрыпэщIэтынур?

Анэдэлъхубзэхэм зрагъэужьын папщIэ

Урысей Федерацэм Фонд къыщызэрагъэпэщащ

Абы и къалэн нэхъыщхьэр ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр зэраджьын тхыльхэр кьыдэгъэкIыныр щ.

ЛЭЖЬЫГЪЭШХУЭ кьыпэщыльщ Фондым. Курыт еджапIэхэр хуэныкъуэущ бзэ 96-рэ зэраджьын тхыльхэм. Зэрырагъаджэн тхыльэ бзыблымкIэ щыIэу аращ, абы хохьэ мы зэманым нэхъ зызыужьыжу къальытэ тэтэр, хакас, чуваш, алтай, шэшэн бзэхэр.

Фщ1эн папщIэ: Урысейм бзи 193-кIэ щопсалъэ, абыхэм ящыщу 18-р ныдэщыжьым нэсащ, 1990 гъэхэм къыщыщIэдзауэ бзэ 14 кIуэдыжащ, 10-м хуэдизыр ирипсэльэну уеиежькъым я анэдэлъхубзэм. Лъэпкъхэм тхыбзэ зимыIэ яхэтщ. Псалъэм папщIэ, Дагъыстэным щыIэ бзэ 32-м ящыщу 14-рщ тхыбзэкIэ зи насып кьикIар. Аварыбзэ закъуэр папщIэмэ, диалектыр 100-м нэс иIэщ. Ханты-Мансийскэ автоном щIыналъэм ищхъэрэкIэ щыпсэуэхэм ипщэкIэ щыIэхэм я бзэр къагурыIуэркъым. НэгъуэщI щапхъэхэри мащIэхъым, адыгэбзэри хэту. Ауэ диалект къэс зэрызыпхуемыбгъэжьынур, дэтхэнэм щхьэкIи тхыльэ кьызэрыпхудэмыгъэкIынур гурыIуэгъуэщ. «Диалект, говор» жыхуаIэхэр 300 хуэдизэ мэхъури, бзэхэм я къудамэхэр зы литературэбзэм зэрипхын хуейщ, псори зэхуэдэу къаруушэ мыхъун папщIэ.

Урысейм и беягъ нэхъыщхьэу къальытэ лъэпкъхэм я бзэмрэ хабзэмрэ, щэнхабзэр хьумэныр. Абы епхауэ Iуэхушхуэ куэд зэрыщыIэр, щIыналъэхэр а псом зэрыпэмыльэщыр нэрылъагъути, анэдэлъхубзэхэр хьумэным и щхьэпэу Фондым уэлэжьыну и къалэнщ.

А фондым хэтынущ анэдэлъхубзэхэр хьумэныжрэ зегъэужьныжрэ Институт.

ЩIыналъэ псори зэхуэдэу хуэмыхуэкIым анэдэлъхубзэхэм тезгъуауэ. Псалъэм папщIэ, пэщIэдзэ классхэр я анэдэлъхубзэмкIэ щрагъаджэ Башкортостан, Марий Эл, Тэтэрстан, Хакасие щIыналъэхэм. Дагъыстэным щыIэщ аваригъэкIэ щрагъаджэ пэщIэдзэ классхэр. Ауэ, къапщтэмэ, аваригъэкIэ щыIэкъым математикэ, дунейм хэзыгъэгъуазэ, нэгъуэщI тхыльхэр. Дауэ хьурэ атIэ я Iуэхур? Мыращ дыкIа и жэуапу жиIэр ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием ЩIэныгъэм зегъэужьынымкIэ и федеральнэ институтым лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ и Центрым и унафэщI Артеменко Ольгэ: «ЗэрыхъукIэ хэкIыпIэ кьагъуэт. Япэм урысибзэкIэ тха тхыльыр анэдэлъхубзэкIэ зэзыдзэкIам и Iуэху тету кьыдагъэкIырт. 1990 гъэхэм ар ядэу щытащ. Иджы «авторское право» жыхуаIэ хабзэм пэщIоувэри, зэбдзэкIкIэ хьужыркъым. Ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ, псалъэм папщIэ, абхъаз-адыгэ бзэ гупым щыщхэм урысибзэ, анэдэлъхубзэ зэраджу яIа тхыльэ хъарзынэхэр щколхэм кьыщамыгъэсэбэпыжыным. Профессор Экбэ Назир и тхыльэ купщIафIэхэр кIуэдыжащ. ГъэджакIуэ куэдым кьалъытэ абыхэм ефIэкIын идыжьри къэс щымыIаущ. Фондым кьыхуэгъуэтыну пIэрэ юридическэ лъэныкъуэкIэ мы Iуэхум и хэкIыпIэр?»

Артеменко Ольгэ зэрыжиIэмкIэ, Урысейм и лъэпкъыбзэхэм папщIэ япэм тхыльыфIэхэр щыIащ математикэмкIэ, физикэмкIэ, химиемкIэ. Иджы абыхэми гъащIэ етыжьын, анэдэлъхубзэмкIэ щрагъаджэ щколхэм зыщIагъэкъуэн хуейщ. Икли пэщIэдзэ классхэм кьынэмыщIауэ, курыт, нэхъыжьыIуэ классхэри абы хуэбгъакIуэ хъунущ. Ауэ урысибзэкIэ пэщи щрагъэдж щколхэми тхыльэ яIэкъым. Псалъэм папщIэ, урысибзэр анэдэлъхубзэу кьэзыльытэхэм филологием кьинэмыщIауэ, урыс лъэпкъым и щэнхабзэри ящIэн хуейщи, зэкIэ апхуэдэ тхыльхэр диIэкъым», - жеIэ Ольгэ.

2019 гъэм Фондым бзэ 24-м щхьэкIэ тхыльи 124-рэ кьыдигъэкIынущ. Телевиденэ, Интернет Iэмалхэр къагъэсэбэпыным теуху лажьыгъэ, фестивалхэр, «воскресная школа» жыхуаIэм зэрдэхэр кьызэрагъэпэщыным хуэщхьэпэнущ.

ЖаIэм хэбдзын хэлъкъым. Къапщтэмэ, иджырей технологиехэр уимыIэу тхыльым и нэхъыфIымкIи анэдэлъхубзэр щIэблэм зэрыпхуемыгъэщIэнур кьыдгурыIуагъэхэущ. Ауэ анэдэлъхубзэу къэплъытэнымкIэ ухуиту, абы кьыдэкIуэри анэдэлъхубзэр Iэмал имыIэу яджын хуейуэ кьыщыгъэлъагъэ хабзэм юридическэ бгъэдыхьэкIэкIэ мыгъэрыуэгъуэ хэлъым и жэуап къэгъуэтыгъуейщи, курыт еджапIэхэм я унафэщIхэмрэ адэ-анэхэмрэ анэдэлъхубзэм хуэIа гулыитэмрэ гурыщIэмрэ дащыгугъынщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШИРДИЙ Маринэщ.

Редактор нэхъыщхьэм и ипэ къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ
Редколлегием хэтхэр:
Хьэ1ыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**



Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щихьэзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хьумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суратехъым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхха бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыдэгъаззэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 3, 4-нэ нат.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(2, 5, 6-нэ нат.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Щомахуэ Маринэ, Бещто Оксанэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жаринэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.113 ● Заказ №1175

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэмрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ **Бобылев Валентин Николай и къуэм** хуогузавэ абы и анэр зэрыIам къыхэкIыу.